



# ALiK 3

Ayiti Li Kreyol Fondamantal

---

Gid Pwofesè a pou Egzamen Dyagnostik ak Siveyans Pwogrè Elèv Yo

**We would like to acknowledge the generous donors whose support made the development of this resource possible.**



**USAID**  
FROM THE AMERICAN PEOPLE



W.K.  
KELLOGG  
FOUNDATION®



Copyright © 2021 by the Global Center for the Development of the Whole Child. All rights reserved. You are welcome to print copies or republish materials for non-commercial use as long as credit is given to the Global Center for the Development of the Whole Child and the author(s).

Copyright © 2021 par le Centre mondial pour le développement integral de l'enfant. Tous droits réservés. Ce livre ou toute partie de celui-ci ne peut être reproduit ou utilisé de quelque manière que ce soit sans l'autorisation écrite expresse de l'éditeur.

Copyright © 2021 pa Sant Global pou developman entegral timoun piti. Tout dwa rezèye. Pèsòn moun pa gen dwa repwodui oubyen itilize liv sa a ni okenn pati nan li oswa okenn fason sòf si li gen pèmisyon ki soti nan men GC-DWC.

## Entwodiksyon Evalyasyon ALiK (Ayiti Li Kreyòl )

Konpreyansyon lekti se yon pwodwi nan de faktè prensipal yo nan rekonesans mo ak konpreyansyon patikilarite langaj (lengwistik). Rechèch te montre ke konpozan sa yo pi efikas ansanm lè y ap fè efò pou reyalize konpreyansyon lekti. Pandan elèv yo ap aprann ladrès dekode ak rekonesans mo yo ki soti nan kourikoulòm nan, y ap ekspoze elèv yo nan tèks yo ki pi konplike onivo lengwistik; se poutèt sa a yo enflyanse pwosesis meta-cognitif elèv dwe itilize pou konprann done. Se poutèt sa a, konpreyansyon oral vin pi enpòtan nan konpreyansyon lekti pandan elèv la ap pwogrese nan kourikoulòm nan.

ALiK se yon zouti pou ede pwofesè yo fè evalyasyon yo, dapre bezwen elèv la nan lekti san pèdi tan. Yo te kreye li pou evalye ladrès esansyèl elèv la bezwen pou vin yon lektè konpetan. Pwofesè yo pral sèvi avèk evalyasyon sa a pou evalye ladrès konpreyansyon oral ak konpreyansyon lekti elèv la.

Lè yo sèvi avèk evalyasyon sa a, sa pral pèmèt pwofesè a :

- Konprann kisa elèv la konnen lè yo rantre nan sal klas la
- Idantifye elèv ki gen difikilte nan zòn espesifik yo ki kapab lakòz pwoblèm lekti
- Idantifye nivo lekti elèv la
- Lè y ap klasifye elèv yo nan lòd pou ba yo aktivite ak enstriksyon, pandan entèvansyon lekti jou vandredi yo, ki ranje nan diferan nivo difikilte.
- Siveye pwogrè elèv yo
- Evalye efikasite yo nan entèvansyon pwofesè a

Kòm yo baze mezi sa a nan kourikoulòm nan, li pèmèt pwofesè yo evalye pwogrè elèv yo epi klase yo dapre ladrès yo nan kourikoulòm nan, pou sipòte aktivite vandredi lekti yo ki baze sou konpreyansyon.

Yo ankouraje pwofesè yo anpil pou fè evalyasyon sa a pou elèv yo twa fwa chak ane (nan kòmansman chak trimès).

### Kisa w ap evalye?

#### 1. Konpreyansyon oral

Konpreyansyon oral egzije elèv la konnen diferans yo nan son, konprann vokabilè, estrikti gramè, ak kontèks yo. Pandan pwofesè a ap li byen fò, elèv la dwe pran enfòmasyon li déjà konnen epi aplike li nan kontèks la pandan l ap eseye konprann siyifikasyon mo yo. Konsa, elèv la dwe sèvi avèk estrateji meta-cognitif yo pou fasilite konpreyansyon.

Premye pati nan evalyasyon an ap evalye konpreyansyon lengwistik elèv la. Objektif prensipal la se pou wè difikilte elèv yo genyen pou yo eksprime yo, pandan pwofesè a ap dekoutri zòn defisyans yo. Ou pral wè jan elèv yo òganize panse yo, kreye sans epi eksprime vokabilè ki koresponn ak lide yo.

#### 2. Nivo Lekti

Lekti jou vandredi yo reyalize nan lide pou elèv yo eksploré bibliyotèk salklas la, konplete aktivite lekti yo epi devlope yon pasyon pou lekti. Dezyèm pati nan evalyasyon an pèmèt pwofesè yo verifye kapasite elèv yo genyen pou dekode tèks epi konprann sa yo te li. Done evalyasyon sa a pral ede nan siveyans pwogrè elèv yo. Sa pral pèmèt yo asosye elèv yo ak liv ki apwopriye pou nivo lekti yo.

## Sesyon Evalyasyon:

Chè Pwofesè,

Pou konprann pi byen bezwen aprantisaj elèv la kòm pwofesè, ou pral bezwen kolekte enfòmasyon sou elèv la ki soti nan plizyè sous tankou: tès, devwa oswa yon evalyasyon konpreyansif. Enfòmasyon sa yo ap montre ou, nan ki nivo aprantisaj elèv yo ye. Atravè done sa yo, ou kapab wè fòs ak feblès chak elèv an patikilye.

Ou dwe sèvi avèk zouti patikilye sa a kòm yon zouti dyagnostik ak siveyans. Evalyasyon sa a pa yon evalyasyon somativ, ou pa dwe bay elèv ou yo yon nòt pou li. Elèv yo dwe santi yo alèz epi ou dwe ankouraje yo pandan w ap administre evalyasyon an.

Enfòmasyon ou te jwenn nan evalyasyon an pral ede ou gen yon pi bon lide sou bezwen elèv ou yo. Ou pral kapab deside aktivite k ap pi bon an pou travay ak chak elèv an patikilye epitou ak tout klas la. Nan evalyasyon an ou pral wè de (2) endikatè, youn ki se : **Done pou Enstriksyon**, ak yon lòt ki se : **Done pou Klasifikasyon**.

Sonje byen si yon elèv gen difikilte, nou ankouraje ou pou pase nan lòt etap la.

Lè ou wè « **done pou enstriksyon** » ou konnen ou pral sèvi ak enfòmasyon sa yo pou ede elèv yo nan konpreyansyon lekti.

Lè ou wè « **done pou klasifikasyon** » ou konnen ou pral sèvi ak enfòmasyon sa yo pou klase elèv yo dapre nivo yo nan aktivite bibliyotèk salklas la. Ou dwe sèvi ak yo tou pou travay sou ladrès lekti nan jou vandredi yo.

Pandan ou ap prepare pou sesyon evalyasyon an, asire w ou bay chak elèv opòtinite pou li chwazi yon liv nan bibliyotèk la pou l li poukонт li oswa ak yon patnè. Mande elèv yo pou yo pa entèwonp ou pandan ou ap evalye yon lòt elèv . Prepare tèt ou pou konplete 5-7 evalyasyon pandan chak sesyon.

Pandan sesyon evalyasyon an w ap evalye elèv yo youn apre lòt. Sèvi avèk fey done a pou ekri rezulta evalyasyon chak elèv.

Evalyasyon an pa dwe pran plis pase 6-10 minit pou chak elèv. Ou dwe sèvi ak rezulta yo, pou konnen liv nan ki nivo pou chak elèv chwazi pou lekti endepandan nan jou vandredi yo. Ekri rezulta ou yo pou detèmine pwogrè nan kapasite chak elèv pandan ane a.

Nou swete w bon siksè pandan Ane eskolè a. Mèsi davans pou dispozisyon ou pral pran pou byen reyalize travay sa a.

Bon travay !

## Kòman pou nou Fè Tès Lekti

### Kòmanse nan nivo Paragrapf:

Mande timoun nan li youn nan 2 paragrap yo.

Pèmèt timoun nan chwazi paragrap la poukont li. Si timoun nan pa chwazi youn, ba li nenpòt nan paragrap yo pou l li. Mande li pou l li l .Koute ak anpil atansyon kijan l ap li l.

Timoun nan pa nan 'Nivo Paragrapf', si li:

- Li paragrap la tankou yon seri mo degrennen, san sans.
- Li tèks la ak ezitasyon epi li kole anpil fwa.
- Li tèks la ak facilite men ak **plis pase 3 erè**.

*Si timoun nan pa nan 'Nivo Paragrapf', mande l pou l li mo yo.*

### Mo yo

Mande timoun nan chwazi 5 mo pou l li nan lis mo yo. Kite li chwazi mo sa yo pou kont li. Si l pa chwazi mo yo, touche 5 mo pou l li.

Timoun lan nan 'Nivo Mo' si li kapab:

- Li omwen **4 nan 5 mo sa yo** san pwoblèm.

*Si timoun nan nan 'Nivo Mo', mande l eseye li paragrap la ankò ,fè sa tès la mande apre li fin li paragrap la .*

*Si li ka li mo yo kòrèkteman ak facilite, men l ap goumen pou li rive li paragrap la, Make timoun lan nan 'Nivo Mo' .*

*Si timoun nan pa alèz nan lekti mo ( li pa ka rive li 4 mo nan 5 nou montre l yo ), montre l lis lèt yo.*

Timoun nan ka li yon **paragrapf**, si li kapab:

- Li tèks la tankou l ap li yon pawòl ki gen sans olye se mo l ap degrennen youn dèyè lòt .
- Li tèks la avèk facilite, menmsi l ap li san prese.
- Li tèks la ak 3 **oswa mwens pase 3 erè**.

*Si timoun nan ka li yon paragrapf, mande l pou l li istwa a.*

### Istwa

Mande timoun lan pou l li istwa a. Timoun nan nan 'Nivo istwa' si li kapab:

- Li tèks la tankou l ap di yon pawòl ki gen sans, pa tankou l ap degrennen yon seri mo san sans.
- Li tèks la kouraman epi avèk facilite.
- Li tèks la ak 3 **oswa mwens pase 3 erè**.
- reponn **3 nan 5 kesyon** yo kòrèkteman

*Si timoun nan ka li istwa epi reponn 3 nan 5 kesyon ou poze l yo , make li nan 'Nivo istwa'.*

*Si timoun nan pa nan 'Nivo istwa", make timoun lan nan 'Nivo Paragrapf*

### Konpreyansyon

Poze timoun nan kesyon ki gen rapò ak istwa a: Timoun nan, nan 'Nivo Konpreyansyon' si li kapab:

- reponn **2 nan 3 kesyon** yo kòrèkteman

### Lèt yo

Mande timoun nan li 5 lèt nan lis ki gen lèt yo. Kite timoun nan chwazi lèt yo poukont li. Si l pa chwazi okenn lèt , touche kèk lèt pou wè si li rekonèt yo.

Timoun nan nan 'Nivo Lèt' si li kapab:

- rekonèt kòrèkteman epi facilman omwen **3 nan 5 lèt** nou montre l yo.

*Si timoun nan kapab li lèt yo, mande l eseye li mo ou te touche pou li yo ankò epi suiv enstriksyon pou make nivo pèfomans timoun nan nan nivo mo .*

*Si timoun nan ka li 4 soti nan 5 lèt yo men li pa alèz pou li mo yo, make timoun lan nan 'Nivo Lèt'.*

*Si timoun nan pa nan nivo lèt (li pa kapab rekonèt 4 nan 5 lèt li te chwazi yo), make timoun nan nan 'Nivo Pa konn anyen'.*

## Evalyasyon Ayiti Li Kreyol

### Ribrik Nivèlman Liv Yo

Ayiti Li- Invèsite Notre Dame ACE Haiti

Nivo	Kontni	Vizyèl	Estrikti Langaj	Fòmasyon Konesans
4	<ul style="list-style-type: none"> <li><b>Objektif:</b> Tèm pa devwale kléman -lektè dwe sèvi ak ladrès entépretasyon pou idantifye; lide prensipal ak detay ki sipòte yo pi konplèks, epi konpreyansyon nan karakteristik sa yo esansyèl pou idantifye kontni an jeneral; karaktè miltip ak liy Istwa</li> <li>Biografi senp, tèks ki bay enfomasyon, istwa tradisyonèl yo, fiksyon reyalis</li> <li>Tèks enfomatik ak glosè</li> </ul> <p>A, L, I, P, E, M, A, N, T, Ou, S, è, K, En, R, O, Y, N, On, W, ò, B, V, G, F, D, J, CH, Z, UI</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li><b>Organizasyon:</b> Pasaj pi long; font ki pi piti</li> <li>Pa plis pase uit liy nan tèks pou chak paj</li> <li><b>Grafik yo:</b> Ilistrasyon ki sipòte tèks yo pa anpil</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li><b>Konvansyon:</b> Se lang figure yo itilize an jeneral - tèks ka konplèks</li> <li><b>Vokabilè:</b> Vokabilè a konplèks ak akademik</li> <li><b>Estrikti Fraz:</b> Tèks gen fraz konplèks</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li><b>Eksperyans:</b> Eksplore tèm ki petèt pa familiye pou lektè a</li> <li><b>Kilti Ayisyen:</b> Depann sou konpreyansyon lektè a genyen nan konesans kiltirèl</li> </ul>
3	<ul style="list-style-type: none"> <li><b>Objektif:</b> Ka gen plizyè tèm; lide prensipal la ak detay ki sipòte li gen elemen sibtil pou konprann kontni a; de oubyen plis liy istwa</li> <li>Tèks simp ki bay enfomasyon, fiksyon reyalis, istwa semp tradisyonèl</li> </ul> <p>A, L, I, P, E, M, A, N, T, Ou, S, è, K, En, R, O, Y, N, On, W, ò, B, V, G, F, D, J, CH, Z, UI</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li><b>Organizasyon:</b> Font senp; paragraf yo pi long</li> <li>Senk oswa sis liy nan tèks pou chak</li> <li>Kèk mo fonse</li> <li><b>Grafik yo:</b> Ilistrasyon yo yon ti jan sipòte tèks la</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li><b>Konvansyon:</b> Langaj gen detay yo ak konsèp yo ki nesesè pou konprann tèks</li> <li><b>Vokabilè:</b> Vokabilè a pa familiye (ou pa kapab dechifre l' prensipalman nan endikasyon konteks) oswa vokabilè a se akademik</li> <li><b>Estrikti Fraz:</b> Tèks gen fraz konpoze ak fraz konplèks</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li><b>Eksperyans:</b> Lide yo konplèks epi eksplor plizyè tèm</li> <li><b>Kilti Ayisyen:</b> Sipoze konpreyansyon yo genyen sou kèk konesans kiltirèl</li> </ul>
2	<ul style="list-style-type: none"> <li><b>Objektif:</b> Tèm enplisit epi byen fasil pou idantifye baze sou tit oswa konteks; lide prensipal yo ak detay yo ki sipòte yo klè progresivman epi you difisil pou predi</li> <li>Tèks senp dapre enfomasyon yo, fantézi zannimo, fiksyon reyalis</li> </ul> <p>A, L, I, P, E, M, A, N, T, Ou, S, è, K, En, R, O, Y, N, On, W, ò, B, V</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li><b>Organizasyon:</b> Font senp; paragraf yo pi kout</li> <li>Twa oswa senk liy nan tèks sou chak paj</li> <li><b>Grafik yo:</b> Ilistrasyon yo sipòte yon pati nan tèks la</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li><b>Konvansyon:</b> Langaj itilize se literal</li> <li><b>Vokabilè:</b> Vokabilè a awopriye pou nivo klas aktyèl, li ofri opòtinitè pou ekspan-syon; Yo ka jwenn konesans vokabilè nan endikasyon konteks, pi gwo echèl nan mo ki pi familye yo</li> <li><b>Estrikti Fraz:</b> Tèks gen kèk ki fraz senp ak fraz konpoze</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li><b>Eksperyans:</b> Eksplore plis pase yon tèm</li> <li><b>Kilti Ayisyen:</b> Sipoze konpreyansyon yo genyen sou kèk konesans kiltirèl</li> </ul>
1	<ul style="list-style-type: none"> <li><b>Objektif:</b> Tèm nan senp epi li klè; Lide prensipal ak detay ki sipòte yo klè ak senp; tèks la previzib</li> <li>Tèks senp dapre enfomasyon yo, fantézi bèt, fiksyon reyalis</li> </ul> <p>A, L, I, P, E, M, A, N, T, Ou, S, è, K,</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li><b>Organizasyon:</b> Ekri an lèt detache gwo, plasman konsistan nan tèks, estrikti istwa a nan lòd kwonolojik ak previzib</li> <li>Youn oswa de liy pou chak paj</li> <li>Tèks gen font gwo yo ak espas klè yo ant mo yo</li> <li><b>Grafik yo:</b> Ilistrasyon yo ede rakonte istwa a epi yo asiste nan eksplikasyon vokabilè</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li><b>Konvansyon:</b> Langaj itilize se literal</li> <li><b>Vokabilè:</b> Vokabilè itilize se komen epi awopriye pou nivo klas aktyèl; sèvi ak mo esansyèl ki pi abityèl yo</li> <li><b>Estrikti Fraz:</b> Tèks gen fraz senp, tèks gen mo repetitif oswa fraz</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li><b>Eksperyans:</b> Lide yo senp ak tèm sèl</li> <li><b>Kilti Ayisyen:</b> Pa gen referans yo ki fet nan kilti espesifik</li> </ul>

Adaptasyon de: Text Complexity: Raising Rigor in Reading (Tèks Konpleksite: Poze Fèmte nan Lekti) (p. 47–48) ekri pa D. Fisher, N. Frey, ak D. Lapp, 2012 ak Fountas & Pinnell Text Level Gradient Model (Modèl Gradyan Nan Nivo Tèks)

## Nivo Lekti Yo

<p><b>Nivo En</b> <b>(Travay ak pwofesè a)</b></p>		<p>Elèv ap kòmanse aprann li, fraz yo kout, mo yo abityèl oswa repetitif, ilistrasyon yo se senp epi yo eksprime istwa a, entrig previzib</p>
<p><b>Nivo De</b> <b>(Travay ak yon patnè)</b></p>		<p>Istwa yo enteresan, tèks reyèl senp, ilistrasyon an sipòte tèks la, vokabilè a se daprè kontèks la</p>
<p><b>Nivo Twa</b> <b>(Elèv li poukонт li)</b></p>		<p>Paragrap yo pi long, vokabilè konplèks oswa akademik, tèks enfòmasyonèl, kont tradisyonèl senp yo</p>
<p><b>Nivo Kat</b> <b>(Lekti avanse)</b></p>		<p>Istwa yo pi long, konplo yo divès, ilistrasyon yo mwens, oswa ki vokabilè konplèks oswa akademik, fiksyon reyalis, biyografi yo, oswa tèks enfòmasyonèl</p>

## Fich apresyasyon tès dyanostik ALIK # 3

Dat:  
Ane akademik:

Lekòl:  
Klas:

#	Kòd	Lang	Konpreyansyon nan sa ou tandé				Nivo Lekti				Kòmantè
01											
02											
03											
04											
05											
06											
07											
08											
09											
10											
11											
12											
13											
14											
15											
16											
17											
18											
19											
20											
21											
22											
23											
24											
25											
26											
27											
28											
29											
30											
31											
32											

Note esplikatif: Pou anseyan yo ka ranpli griy sa lè yo ap pase elèv yo tès ALIK la ; yap bay chak elèv yon kòk apati de lis non elèv nan lòd alfabetik yo genyen an. Fich sa a elabore nan sousi pou pèmet anseyan genyen plis done kolekte sou yon menm fey.

Siyati: \_\_\_\_\_

Adéclat Marjorie : kòd : 001

Alexis Paul : kòd : 002



## Pati En: Done pou Eksplikasyon

### A: Konpreyansyon Lengwistik

Pwofesè yo:

Si elèv la pa kapab idantifye twa bagay nan imaj la, ale nan pati de (2) nan evalyasyon an.

Mande elèv la pou li gade imaj la. Pèmèt yon ti moman pou elèv yo obsève imaj la. Kounye a mande elèv la si li kapab:

1. Lonje dwèt sou TWA bagay diferan nan imaj la epi mande elèv yo pou li rekonèt TWA eleman nan imaj la.
2. Mande elèv la pou li di ou ki sa k' ap pase nan imaj la.



Ilistrasyon pou elèv la:



### **Pwofesè yo:**

*Seksyon sa a nan evalyasyon an pral pèmèt ou jwenn enfomasyon pou ede ou konpran kisa ki ta kapab anpeche elèv la reyalize siksè nan lekti. Evalyasyon sa a pral konsantre sou konpreyansyon lekti oral, ki enpòtan pou konpreyansyon lekti. Yo pral fè seksyon sa a nan evalyasyon an nan lang Kreyòl Ayisyen pou evalye nivo konpreyansyon an nan lang natif natal elèv la.*

### **C. Konpreyansyon sou sa ou Tande**

**Pwofesè ap li byen fò nan lang Kreyòl Ayisyen (tèks nivo 4).**

**Elèv la dwe reponn 3 nan 5 kesyon yo kounye a. Ekri repons ou nan fèy done a.**

**\*\*Avan ou komase evalyasyon sa, mande elèv la pou li dekri imaj la\*\*\***

Nan zile Debwaze, sitwayen yo toujou ap koupe pyebwa. Yo tèlman koupe pyebwa menm lapli pa vle tonbe souvan. Zòn nan preske sanble ak yon dezè. Wout yo chaje ak pousyè. Sitwayen yo pa ka jwenn bon patiraj pou mare bêt yo. Tout rivyè ak sous dlo yo ap seche. Sa vin fè yo pa jwenn bon lonbray ak frechè ankò. Malgre tout konsèy ki bay nan legliz yo, nan radyo, nan lekòl pou pa plede koupe pyebwa san yo pa plante lòt pou ranplase yo. Sitwayen yo pa janm tandem. Yon lè, yon gwo lapli tonbe. Lapli a te tonbe lannuit kou lajounen. Dlo te ravaje tout zòn nan nèt. Kay kraze, jaden devaste, bêt mouri, menm moun mouri. Te gen anpil kriye ak dezolasyon. Depi jou sa a, tout sitwayen nan zòn nan , timoun tankou gramoun deside plante pyebwa pou pwoteje lavi yo ak lavi bêt yo.

Kesyon sou Konpreyansyon oral

1. Ki jan yo rele zile kote istwa sa a te pase a ? (Debwaze)
2. Ki move abitid moun nan zòn nan te genyen ? (yo te renmen koupe pyebwa)
3. Kisa ki te pase aprè yon gwo lapli ? (zòn nan te ravaje : moun mouri, bêt mouri, jaden devaste)
4. Kisa mo « devaste » vle di nan istwa a ? (koze gwo dega / ravaje)
5. Poukisa plante pyebwa se yon bon bagay ?

Ilistrasyon Istwa pou elèv la:



## Pati De (2): Done pou Klasifikasyon

### Dekode

#### A. Fraz / Paragraf (Nivo 3)

Dekode fraz yo nan lespas yon paragraf ki gen 4 fraz.

Si yo reyisi isit la (yo fè mwens pase 3 erè ), ale dirèkteman nan pati D

Si yo pa reyisi isit la (yo fè plis pase 3 erè ), ale dirèkteman nan pati B.

**Woje renmen jwe foutbòl.**

**Jodi a ekip li a fè de gòl.**

**Yo kalifye pou uityèm de final.**

**Tout zanmi Woje yo kontan.**

#### B. Maryaj son pou (Nivo 2)

Dekode mo endividayèl yo

dizuit

krèy

lwanj

enhen

eksplwate

jòn

parye

mannyè

bòl

kaw

## C. Fasilitè nan Alfabè / Son (Nivo 1)

Chwazi senk lèt nan chak seksyon epi mande elèv la pou idantifye lèt alfabè oswa son yo  
Objektif la se pou elèv yo rekonèt omwen kat lèt oubyen kat son.

1. Rekonèt lèt Alfabè - Lèt MAJISKIL (Idantifikasiyon non lèt alfabè majiskil yo)

**Konsiy:** Pwente sou yon lèt epi di: "Ki lèt sa a"

Fè yon sèk sou lèt elèv la pa jwenn epi make rezulta a nan kare a.

L	A	H	S	V	R	P	T	N	E	B	M
G	J	F	Z	W	I	K	Y	O	D		

2. Rekonèt lèt Alfabè - Lèt miniskil (Idantifikasiyon non lèt alfabè miniskil yo)

**Direksyon:** Pwente sou lèt la epi di: "Ki lèt sa a" Fè yon sèk sou lèt elèv la pa jwenn epi make rezulta a nan kolòn nan.

n	d	y	h	r	p	l	e	m	t	k	j	an
o	ui	en	on	f	g	z	w	i	v	a	s	b
a	g											

3. Idantifikasiyon son lèt (Son Lèt Alfabè yo)

**Direksyon:** Pwente sou yon lèt epi di: "Ki son lèt sa a fè?" Fè yon sèk sou lèt elèv la pa jwenn epi make rezulta a nan kolòn nan.

e	l	s	r	p	d	o	v	b	j	n	t	an
en	ui	on	ou	ui	z	w	k	g	m	a	f	i
h	y											

## D. Nivo Istwa/ konpreyansyon (Istwa Nivo 4)

Elèv la kapab li istwa a poukонт li.

Fè elèv la li istwa a byen fò epi reponn kesyon asosye yo. Elèv la ta dwe reponn senk nan sèt kesyon yo kòrèkteman.

**Dimanch aprèmidi, Tito ak Nora al detann yo sou yon plas.  
Pandan yo ap amize yo, yo wè de lòt timoun ki ap bwè krèm.  
Yo fini, yo jete sachè yo atè a. Nora di yo: "Plas la se pou nou,  
nou dwe kenbe l pwòp » Youn nan timoun yo bese, li ranmase  
sachè yo. Li jete yo nan poubèl.**

Kesyon Konpreyansyon pou istwa yo (pa montre timoun yo)

**Poze timoun yo youn oubyen de nan kesyon sila yo, nan lòd yo ye a.**

Kesyon sou istwa a

1. Kesyon dirèk : ki kote Tito ak Nora te al detann yo ? (Sou yon plas)
2. Kesyon dirèk : Kisa lòt timoun yo te fè ak sachè krèm yo ? (Yo te jete yo atè a)
3. Vokabilè: Avèk ki lòt mo nou ka ranplase mo Amize? Oubyen Si ou pa t vle di amize,
  - a) maten
4. Kesyon enferans : Kisa ki montre Nora se yon tifi ki pwòp ? (Paske li di lòt timoun pou yo pa jete fatra atè sou plas la)
5. Kesyon dirèk : Kisa kip ase aprè Nora te fin pale a ? (Timoun te ranmase sachè yo epi yo jete l nan poubèl)
6. Vokabilè : Kisa mo ranmase vle di nan istwa a ? (ranmase vle di pran yon bagay atè)
7. Kesyon enferans : Daprè ou si ou t ap bay istwa sa a yon tit, ki tit ou t ap ba li?
  - a) Tito ak Nora.
  - b) Yon ti detant. (repons kòrèk)
  - c) Timoun yo pale.

Vèsyon Elèv la:

#### D. Nivo Istwa/ konpreyansyon (Istwa Nivo 4)

Elèv la kapab li istwa a poukонт li.

Fè elèv la li istwa a byen fò epi reponn kesyon asosye yo. Elèv la ta dwe reponn senk nan sèt kesyon yo kòrèkteman.

**Dimanch aprèmidi, Tito ak Nora al detann yo sou yon plas.  
Pandan yo ap amize yo, yo wè de lòt timoun ki ap bwè krèm.  
Yo fini, yo jete sachè yo atè a. Nora di yo: "Plas la se pou nou,  
nou dwe kenbe l pwòp » Youn nan timoun yo bese, li ranmase  
sachè yo. Li jete yo nan poubèl.**